



Pou Piblikasyon Imedya: 22/09/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LEJISLASYON POU PWOTEJE NOUYÒKÈ YO KONT INONDASYON KI DEPLIZANPLI RIVE PI SOUVAN AK EKSTRÈM**

***Lejislasyon (S.5186-A/A.5221-A) mande Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal la priyoreze solisyon ki baze sou lanati pou estabilize rivaj yo***

***Lejislasyon (A.1967/S.5400) mande pou divilgasyon inondasyon lè y ap achte kay***

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a lejislasyon pou pwoteje Nouyòkè yo kont inondasyon pandan tanpèt yo deplizanpli rive pi souvan ak ekstrèm. Lejislasyon (S.5186-A/A.5221-A) egzije Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) la aplike règleman sou pèmi ak konsèy ki gen rapò ak solisyon ki baze sou lanati pou jesyon litoral la. Lejislasyon (A.1967/S.5400) egzije pou vandè yo enfòme achte kay yo sou si yon pwopriyete sitiye nan yon zòn ki gen risk inondasyon oswa si li te deja inonde. Lejislasyon sa a mete aksan sou angajman Gouvènè Hochul pou rezistans klimatik ak sekirite Nouyòkè yo.

"Jodi a make yon etap monimantal pou pi devan nan misyon nou pou pwoteje Nouyòkè yo kont enpak chanjman klimatik ak evènman metewolojik ekstrèm yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lejislasyon sa a mete aksan sou angajman nou pou restore abita natirèl yo, ki se pi gwo baryè natirèl nou pou inondasyon ekstrèm, epi pwoteje Nouyòkè yo kont danje inondasyon alontèm yo."

Lejislasyon (S.5186-A/A.5221-A) amande lwa konsèvasyon anviwònmantal la pou egzije Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (DEC) la pou otorize ak ankouraje itilizasyon solisyon ki baze sou lanati pou estabilize litoral mare nan eta a epi yo ta dwe konsidere bay solisyon sa yo lè yo pibliye ak aplike règ ak règleman ki gen rapò ak sa yo.

**Senatè Eta Shelley B. Mayer te deklare,** "Aprè Siklòn Ida, anpil elektè te kontakte m pou jwenn asistans pou domaj inondasyon yo. Mwen te kontan biwo mwen an te kapab ede moun, men enpak sistemik chanjman klimatik la egzije pi plis. Devan risk ogmantasyon inondasyon ak danje ki gen rapò ak chanjman nan klima, li enpòtan pou nou pran mezi pwo-aktif. Rivaj vivan yo ka pwoteje kont inondasyon, amelyore kalite dlo, epi ranfòse rezistans nou. Mwen remèsye Gouvènè Kathy Hochul paske li siyen lejislasyon enpòtan sa a pou fè li vin yon lwa. Mwen remèsye tou kòlèg mwen an,

Manm Asanble Steve Otis paske li defann lejislasyon sa a nan Asanble a, ak Save the Sound and Riverkeeper pou travay yo ki te enspire pwojè lwa sa a nan kad efò yo pou konbat chanjman klimatik epi paske yo travay ak biwo mwen an sou lwa sa a."

**Manm Asanble Steven Otis te deklare,** "Prensip rivaj vivan yo enpòtan anpil pou amelyore rezistans bò lanmè, diminye enpak inondasyon yo, anpeche ewozyon rivaj la ak pwoteje abita natirèl yo. Mèsi Gouvènè Kathy Hochul, Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal Eta New York, Riverkeeper, The Nature Conservancy, Save the Sound ak lòt gwoup anviwònmanal ki sipòte politik enpòtan sa yo. Sa a se yon lejislasyon enpòtan pou kominote bò litoral yo ki pral ede avanse politik ki baze sou lanati nan yon moman kote yo bezwen bon pratik yo."

Lejislasyon (A.1967/S.5400) etabli "dwa pou konnen" risk inondasyon pou moun k ap achte kay. Anvan sa, vandè yo te kapab chwazi pou achtè a jwenn yon 500 kredi nan kontra epi yo te anile egzijans divilgasyon an. Lejislasyon sa a elimine "dispozisyon kredi" epi li egzije divilgasyon enfòmasyon konsènan risk inondasyon, istwa inondasyon, ak asirans inondasyon sou tranzaksyon byen imobilye.

**Senatè Eta Brad Hoylman-Sigal te deklare,** "Pandan Semèn Klima NYC, nou espesyalman sonje efè devastatè kriz klimatik la nan kominote lokal nou yo, tankou evènman metewolojik ekstrèm yo tankou inondasyon. An repons ak nouvo reyalite sa a, lejislasyon divilgasyon inondasyon nou an y ap siyen jodi a egzije enfòmasyon sou risk inondasyon yo dwe bay achtè kay yo, ba yo zouti ki nesèsè pou fè acha edike. Mwen trè rekonesan anvè Gouvènè Kathy Hochul paske li te siyen lwa sa a pandan Semèn Klimatik la, ansanm ak Lidè Sena a Andrea Stewart-Cousins ak Bobby Carroll ki patwone lejislasyon nou an nan Asanble a."

**Manm Asanble Robert Carroll te deklare,** "Pandan n ap travay pou konbat chanjman klimatik la, nou dwe pran mezi tou pou reponn ak domaj li ap koze yo. Mwen kontan wè Gouvènè Hochul ap siyen lejislasyon mwen an A.1967/S.5400, ki pral ede Nouyòkè yo nan asire yo ke yo gen enfòmasyon yo bezwen pou pi byen pwoteje kay yo kont inondasyon lè y ap achte yon kay."

**Direktè Prensipal Afè Gouvènmanal pou Riverkeeper, Jeremy Cherson, te deklare,** "Siyati Lwa sou Litoral Vivan (Living Shorelines Act) Gouvènè Hochul la ak lejislasyon Divilgasyon pou Risk Inondasyon (Flood Risk Disclosure) an make yon gwo pa annavan pou rezistans klimatik nan Eta New York. Jesyon responsab bò rivaj yo sou vwa navigab mare yo, jan yo prevwa nan Lwa sou Litoral Vivan, pral ede asire ke desizyon otorizasyon yo sipòte rivaj natirèl ki bay abita pou bèt sovaj yo ansanm ak pwoteksyon kont inondasyon pou kominote yo. Avèk Divilgasyon pou Risk Inondasyon an, New York pral ogmante transparans sou risk klimatik nan mache byen imobilye nou an, sa k ap bay achtè kay yo enfòmasyon sou risk inondasyon ki genyen nan pwopriyete potansyèl pa yo. Mèsi, Gouvènè Hochul, paske w rekonèt enpòtans rivaj nou yo nan pwomosyon divèsite biyolojik ak kominote k ap pwospere, ansanm ak angajman w pou divilgasyon risk klimatik yo."

**Vis Prezidan Pwoteksyon Dlo Save the Sound lan, David Ansel, te deklare,** "Aprè plizyè ane travay, nou kontan wè pwojè lwa Litoral Vivan ak Divilgasyon pou Inondasyon an vin lwa. Siyati Gouvènè a ak sipò akablan lejislati a montre lidè New York yo konprann ke nou dwe pran aksyon pou adapte ak tanpèt ki pi fò yo ak ogmantasyon nivo lanmè chanjman klimatik yo. Sèvi ak karakteristik natirèl tankou zèb marekaj endijèn ak resif koki olye de estrikti ki di tankou dig lanmè benefisye kominote bò rivaj yo, bèt sovaj, ak kalite dlo a. Asire transparans sou risk inondasyon ede moun ak kominote yo pran desizyon ki saj pou avni yo. Nou remèsye Gouvènè Hochul ak moun ki ap sipòte pwojè lwa yo pou lidèchip yo. Kounye a, nou espere travay ak patnè yo atravè rejyon an nan pwomès pwojè lwa sa yo pou nou gen litoral ak kominote ki pi an sante, ki pi rezilyan."

**Direktè Konsèvasyon Sierra Club Atlantic Chapter, Roger Downs, te deklare,** "Pa gen okenn dout ke ravaj chanjman klimatik yo pral kontinye frape kòt New York yo ak vwa navigab yo andedan yo ak inondasyon ki deplizanpli sevè ak vag tanpèt yo. Tantativ pou andisi rivaj nou yo ak dig lanmè chè yo pral sèlman agrave pwoblèm ewozyon an, paske amenajman difisil yo entansifye destabilizasyon pwopriyete ki antoure yo, plaj yo ak dig yo. Nou aplodi Senatè Mayer ak Manm Asanble Otis paske yo te etabli yon plan pou bay priyorize solisyon ki baze sou lanati pou elevasyon nan nivo lanmè a ak inondasyon. Epi ak siyati lwa sa a, Gouvènè Hochul ap bati sou yon eritaj jesyon enspire nan ekosistèm ki kòmanse avèk lwa kosyon 4.2 milya dola ak nouvo pwoteksyon konplè nan marekaj, tou fèt nan konpreyansyon ke New York pral pi rezistan fas ak chanjman klimatik si nou pwoteje ak amelyore kouch ekosistèm ki pwoteje nou an."

**Joel Scata, Avoka Konsèy Defans Resous Natirèl pou Inisyativ Dlo, te deklare,** "Twòp pwopriyete aprann sou tandans pwopriyete yo genyen pou inondasyon sèlman apre yo fin soufri plizyè katastwòf. Se poutèt sa desizyon Eta New York pran pou divilge risk sa yo tèlman enpòtan. Pwojè lwa sa a pral kontribiye anpil pou bay achtè kay yo enfòmasyon yo bezwen pou pran desizyon enfòme sou youn nan pi gwo investisman finansye nan lavi pa yo — ki se kay yo. An 2021 nan New York, yo te achte 7,645 kay kie yo te estime ki te inonde deja; epi estimasyon domaj inondasyon anyèl pou kay yo vann sa yo vo plis pase 23 milyon dola."

**Jessica Ottney Mahar, ki se Direktris Politik ak Estrateji pou The Nature Conservancy nan New York la, te deklare,** "The Nature Conservancy felisite Gouvènè Hochul paske li te adopte lejislasyon ki rekonèt enpòtans pou travay ak lanati – soti nan plaj ak dun rive nan marekaj dlo dous ak marekaj sale yo – pou pwoteje moun, bèt sovaj, ak enfrastruktir nan klima k ap chanje nou an. Rivaj natirèl yo se yon pati enpòtan pou amelyore kalite lavi ak sekirite kominotè nan vil yo ak komin yo atravè Eta New York. The Nature Conservancy bat bravo pou esponsò pwojè lwa Senatè Mayer ak Manm Asanble Otis pou devouman yo ak lidèchip yo sou pwoblèm enpòtan sa a."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)